

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Paribasa mangrupa salasihiji sélér tina pakeman basa nu nyampak dina saban basa. Munculna paribasa dina basa Sunda, salasihijina diakibatkeun ku sipat umum urang Sunda anu tara wani nyarita langsung kana tujuan utamana (ceplak pahang). Hartina, lamun aya teu kapanuju atawa aya kahayang téh tara langsung diutarakeun sajalantrahna, tapi sok dibalibirkeun ngaliwatan paribasa. Maksudna mah ngaragangan sangkan jalma lian nu diajak nyarita atawa omongan nu ditepikeunana téh henteu nyentug teuing kana haténa (Sudaryat, 2003: 97).

Dina paribasa maksud nu ditepikeun téh disumputkeun atawa dibungkus ku kekecapan kalawan lantip jeung rikip. Saperti halna paribasa *agul ku payung butut*. Mun seug dihartikeun sajalantrahna kacida teu asup akal, nya éta ngarasa agul atawa reueus ku barang butut (goréng), tapi nalika diguar hartina, éta paribasa téh mapandékeun kabiasaan jelema anu sok ngagul-ngagul pédah turunan ménak baheula padahal kiwari mah manéhna téh jalma nu nu taya kaboga.

Nilik kana adeganana, paribasa Sunda téh diwangun dina runtuyan kecap anu matok jeung puguh éntép seureuhna. Tamsyah (1994:9) nétélakeun yén paribasa mah teu bisa dirobah ungkara jeung kekecapanana lantaran geus puguh éntép seureuhna, geus puguh surupanana, jeung geus puguh pokpokanana. Umpanana paribasa *hulu gundul dihihidan* dilemeskeun jadi “mastaka botak dihihidan” atawa dirobah strukturna ngahihidan hulu gundul, jelas karasa camplang sarta hartina ogé tangtu ngilu robah deuih.

Dumasar éta hal, katitén yén wangun paribasa miboga adegan unik (*unique*) anu katitén béda jeung adegan kalimah séjén dina basa Sunda. Adegan nu ngawangunna rélatif angger, boh dina susunanana, surupanana, boh dina pokpokanana. Hal nu nyababkeunana bisa jadi lantaran kabeungkeut ku harti mandiri nu miguraan harti di satukangeun éta ungkara. Ku kituna, kahasan adegan

paribasa perlu ditalungtik sangkan pamahaman ma'na nu dikandungna bisa kaguar leuwih jembar.

Lian ti dicipta dina wangun nu matok, paribasa Sunda ogé diaku salaku banda budaya urang Sunda. Rosidi (2005: 7) nétélakeun yén paribasa Sunda téh mangrupa kekecapan atawa ungkara kalimah anu kecap koncina geus matok tur miboga ma'na, sanajan béda tina hartina anu asal tapi geus jadi kaweruh saréréa da geus jadi banda budaya sakumna masarakat anu ngagunakeun éta basa. Eusi paribasa téh aya nu bisa digunakeun pikeun méré naséhat, meupeuh arguméntasi lawan, ngagambarkeun situasi atawa kaayaan hiji jalma, jsb.

Ma'na nu nyangkaruk dina paribasa Sunda tangtu bisa méré gambaran ngeunaan kawijakan-kawijakan lokal (*local wisdom*) masarakatna. Rusyana (1982) nétélakeun yén paribasa Sunda téh mangrupa salasahiji karya cipta linuhung anu geus jadi bagéan tur milu ngajembaran kahirupan basa Sunda. Dina basa Sunda, paribasa téh boga kalungguhan salaku karsa atawa wujud ide manusa dina enggoning hirup kumbuh ngawangun kahirupan. Paribasa Sunda ogé bisa dijadikeun cecekelan hirup, lantaran nyidem ajén-inajén kahirupan saperti panyaram lampah salah atawa pangjurung lampah hadé anu kacida payusna pikeun padoman hirup.

Tina hal luhur katitén yén paribasa dina kahirupan urang Sunda téh kacida pentingna, lian ti salaku bagian tina kabeungharan basa Sunda, ogé neundeun ma'na anu bisa dijadikeun piluangeun, pieunteungeun, jeung picontoeun masarakat nu mikawanohna.

Nilik kana kamekaran jaman, kalungguhan atawa pamor paribasa di jaman kiwari geus mimiti karasa nyirorot. Paribasa geus jarang dipaké deui ku urang Sundana sorangan, lantaran cenah dianggap basana hésé teuing jeung réa nu teu dipikawanoh (Novianti, 2012: 2). Antukna karya cipta nu dianggap linuhung téh teu katitén deui nyongcolangna. Masarakat nu baheula kungsi nyaho kana paribasa Sunda ogé jiga nu horéam pikeun ngajarkeun deui ka barudakna. Antukna entragan anyar, nu dianggap salaku generasi penerus, geus réa anu teu waranoheun atawa maham kana paribasa-paribasa Sunda.

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulukan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Salasahiji cara pikeun ngawanohkeun paribasa Sunda ka barudak nya éta kudu diajarkeun deui di sakola (atikan formal). Dumasar hasil panalungtikan nu dilakukeun ku Sudaryat, spk. (2012: 100), 49,18% sikep masarakat kacida satujuna saumpama pakeman basa tradisional (kaasup paribasa) diajarkeun di sakola, 50% milih satuju, jeung sésana 0,82% mah haré-haré. Hartina, sikep masarakat kacida ngarojongna dina ngamumulé jeung ngamekarkeun pangajaran paribasa Sunda di sakola.

Tapi hanjakal deui baé, mun seug nititénan kurikulum pangajaran basa Sunda di sakola-sakola, nu geus henteu manggihan deui katerangan yén paribasa téh asup kana bahan anu diajarkeun ka barudak (Rosidi, 2005:8). Dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) Basa Sunda, matéri paribasa henteu sacara husus diajarkeun salaku kompetensi dasar nu kudu dicangking ku siswa, tapi kalungguhanana ngan saukur bagian tina matéri kebahasaan (pangaweruh basa) wungkul. Alesanana mah lantaran kompetensi pangajaran basa dina kurikulum kiwari, leuwih dipuseurkeun kana aspék kaparigelan basana wungkul (ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis).

Ku ayana kawijakan kurikulum teu nuliskeun matéri paribasa sacara éksplisit, antukna réa guru anu henteu ngajarkeun matéri paribasa ka siswa, pédah ngarasa teu wajib téa. Antukna pangajaran paribasa téh réa nu diliwat atawa teu diajarkeun ka siswa. Padahal mah mun seug dipatalikeun jeung tuntutan pendidikan berbasis budaya jeung karakter bangsa, paribasa (nu ngandung ajén-ajén budaya) téh wajib diajarkeun di sakola-sakola salaku bagian tina penerapan kawijakan lokal (*lokal wisdom*).

Dilarapkeunana ajén-ajén budaya (paribasa) kana pangajaran di sakola saéstuna geus ditandeskeun dina pelatihan Pengembangan Pendidikan Budaya dan Karakter Bangsa Kementrian Pendidikan Nasional (Kemendiknas) taun 2010 nu nétélakeun yén:

nilai-nilai budaya itu dijadikan dasar dalam pemberian makna terhadap suatu konsep dan arti dalam komunikasi antaranggota masyarakat itu. Posisi budaya yang demikian penting dalam kehidupan masyarakat mengharuskan budaya menjadi sumber nilai dalam pendidikan budaya dan karakter bangsa (Kemendiknas, 2010:8).

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulukan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Tina katerangan di luhur jéntré pisan yén ajén-ajén budaya, kaasup paribasa, sakuduna dijadikeun tatapakan dina pangajaran pikeun ngaguar ngeunaan pamahaman kana budaya jeung karakter bangsa. Ajén-ajén nu nyampak dina paribasa Sunda sakuduna bisa nepi ka siswa. Pikeun pangajaran basa Sunda, tangtu leuwih payus saumpama ngajarkeun ajén paribasa ditilik langsung tina ungkara paribasana.

Ulikan ngeunaan paribasa téh ilaharna aya dina wengkuan léksikosemantik, nya éta babagian linguistik anu medar ngeunaan kabeungharan basa katut ulikanana. Ulikan nu dilakukeunana nyindekel kana tata harti (semantik).

Dumasar kana panalungtikan awal, pasualan utama guru-guru teu ngajarkeun paribasa di sakola lantaran nepi ka kiwari can aya papasingan matéri paribasa di unggal jenjang sakola. Ieu hal katitén tina paribasa nu sok diajarkeun di unggal jenjang sakola (ti mimiti SD nepi ka SMA) teu loba géséhna (éta-éta kénéh). Antukna, réa basa Sunda di sakola anu silih andelkeun, ceuk guru SD, “engké gé di SMP jeung SMA diajarkeun”, ceuk guru SMP, “di SD jeung SMA diajarkeun”, kitu deui ceuk guru SMA “geus diajarkeun di SD jeung SMP”.

Salasahiji alesan can dipetakeunana pangajaran paribasa di sakola téh lantaran nepi ka kiwari can kungsi aya panalungtikan nu sacara husus ngulik ngeunaan papasingan paribasa nu disaluyukeun jeung jejang sakola.

Dumasar pedaran di luhur, kapaluruh aya tilu pasualan utama dina ieu panalungtikan. Éta pasualan nya éta ayana adegan-adegan unik nu nyampak dina paribasa Sunda, ma'na-ma'na linuhung nu bisa kapaluruh dina paribasa sunda, jeung papasingan paribasa nu disaluyukeun jeung jenjang sakola. Pikeun maluruh éta hal perlu dilakukeun panaungtikan, anu dina ieu hal dilakukeun ngagunakeun ulikan struktur, semantisna, jeung psikolinguistik.

Ulikan struktur dilakukeun pikeun ngaguar adegan basa nu nyampak dina paribasa Sunda. Nurutkeun Prawirasumantri (2007: 79) dina Sudaryat (2003: 99) struktur paribasa téh mangrupa kalimah (klausa) anu kekecapan katut susunanana geus matok, maksudna geus puguh, biasana ngandung harti babandingan atawa silokaning hirup. Tina katerangan di luhur jéntré yén paribasa téh ilaharna disusun

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulikan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

dina winangun kalimah. Disebut ilahar lantaran aya ogé nu ditulis dina wangun frasa tapi ngandung harti babandingan atawa silokaning hirup manusa, éta ungkara téh kaasup kana paribasa ogé. Upamana dina paribasa:

Élmu ajug, hartina jalma anu bisa mamatahan kahadéan ka batur, tapi manéhna sorangan teu ngajalankeun papatahna.

Nilik kana strukturna mah éta paribasa téh kawengku kana wangun frasa, tapi dumasar harti nu dikandungna mah ngandung unsur babandingan, nya éta wangun jeung sipat ajug (pangganjel atawa suku damar) dipaké pikeun ngabandingkeun hiji pagawéan anu panjang maksudna. Ieu hal kaharti sabab lamun nyeungeut damar anu maké ajug (tihang/suku), caangna tangtu ka nu jauh, ari ajug anu aya di handapeunana mah tetep baé kapoékan. Éta téh diibaratkeun kana mapatahan (nyaangan) kahadéan ka batur tapi nu mapatahanana teu ngajalankeun (kapoékan kénéh). Ku kituna, sacara harti mah ieu pakeman basa téh kagolong kana wangun paribasa.

Tapi sok sanajan kitu, nu diulik dina ieu panalungtikan mah dipuseurkeun kana struktur paribasa dina wangun kalimah (klausa) wungkul. Ieu hal dilakukeun sangkan ngagampangkeun dina nangtukeun pola-pola struktur paribasa nu ditulis dina wangun klausa/kalimah. Ku kituna, struktur nu diulik dina ieu panalungtikan nya éta struktur paribasa dumasar unsur fungsional sintaksis (klausa/kalimah).

Ulukan semantik dilakukeun pikeun ngaguar ma'na nu nyampak dina paribasa. Paribasa Sunda ngandung rupa-rupa ma'na, saperti ma'na dumasar babandingan jeung ma'na dumasar maksud. Ma'na dumasar babandingan mangrupa ma'na anu sacara langsung bisa dipedar tina kekecapanana, anu ngawengku ma'na babandinngan alam, awak sakujur, barang, laku lampah jalma, sasatoan, jeung tutuwuhan. Ari ma'na dumasar maksud dupedar tina ma'na injeumana, anu ngawengku ma'na piluangeun, paréntah, jeung pituah.

Ari ulikan psikolinguistik dilakukeun pikeun ngawilah-wilah paribasa Sunda dumasar askpék umur manusa. Ulukanana disindekelkeun kana tahapan perkembangan pemeroléhan basa mangsa sakola anu dipatalikeun kana (a) struktur basa, (b) makéna basa, jeung (c) kasadaran métalinguitik (kamekaran

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulukan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

kamampuh mikir). Hasil ieu ulikan satuluyna diwilah-wilah dumasar jenjang sakola (SD, SMP, jeung SMA).

Patali jeung panalungtikan ngeunaan paribasa, sabenerna mah geus kungsi aya nu ngaguar, ngan jumlahna can pati réa sarta puseur pasualanana can nyindekel kana pasualan struktur, ma'na, jeung papasingan paribasa nu karandapan di sakola. Saperti halna dina Penelitian Penguatan Kompetensi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI nu dijudulan “Reinterpretasi dan Reformulasi Filsafat Pendidikan Sunda dalam Ungkapan Tradisional” (Sudaryat, spk), anu medar ngeunaan ungkapan tradisional nu dijerona medar ngeunaan paribasa Sunda. Hasilna ngadéskripsikeun ngeunaan ajén-ajén moral nu linuhung nu ngébréhkeun ngeunaan kaarifan lokal, pangpangna nu aya patalina jeung pasualan ngawangun karakter dina prosés atikan dumasar tilikan filosofis.

Lian ti éta, aya ogé panalungtikan nu kungsi dilakukeun ku para calon sarjana di JPBD FPBS UPI. Judul skripsi ngeunaan paribasa Sunda nu kapaluruh dina katalog mah, ngan aya sapuluh panalungtikan, tapi nalika dipaluruh ka pabukonna mah ngan aya tilu skripsi nu masih aya bungkeuleukanana téh. Tina tilu skripsi nu kapanggih, nu kahiji dijudulan “Babandingan Paribasa Sunda jeung Paribasa Indonesia Disawang tina Maksud anu Dikandung jeung Bahan anu Dibandingkeunana” (Demaswati, 2004). Ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode déskriptif analitis komparatif pikeun ngadéskripsikeun, ngaanalisis, jeung ngabandingkeun paribasa Sunda dina buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Budi Rahayu Tamsyah jeung paribasa Indonésia buku *1700 Peribahasa Indonesia* karya Amran Y.S. Chaniago. Hasil tina ieu panalungtikan kapaluruh yén saba'da ngabandingkeun antara paribasa Sunda jeung Indonésia ditilik tina maksud anu dikandungna lolobana sarua ngeunaan eusi tuladeunana, ari babandingan dumasar kana bahanna mah ngeunaan ngaran sasatoan. Dina paribasa Sunda mah nu saeutik téh ngagunakeun kaayaan alam, ari dina basa Indonésia mah paribasa anu ngagunakeun babagian awak.

Dina skripsi nu kadua dijudulan “Babasan jeung Paribasa Sunda dina Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot* Karangan Karna Yudibrata” (Jéni Siswandi K.,

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulikan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

2005) anu ngadéskrupsikeun digunakeunana babasan jeung paribasa dina Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot* ditilik tina jumlah babasan jeung paribasana, sumber babandingan paribasa, sumber babandingan babasan, jeung larapna babasan katut paribasa dina éta carpon dumasar kana suasana caritana.

Ari skripsi nu katilu mah dijudulan “Babasan jeung Paribasa Sunda (Tilikan Linguistik Antropologi)” anu ngadéskrupsikeun babasan jeung paribasa Sunda nu nu aya patalina jeung unsur budaya, pakasaban, jeung pakakas tina tilikan unsur-unsur basa jeung harti, sarta nu némbongkeun budaya masarakatna.

Lian ti saeutikna panalungtikan ngeunaan paribasa Sunda, buku nu ngaguar paribasa ogé jumlahna teu sabaraha, malah kaasup saeutik pisan. Buku-buku paribasa Sunda anu masih kénéh bisa kapaluruh, di antarana buku *Kumpulan Babasan jeung Paribasa Sunda* (Djayawiguna, H.I. Buldan, 1983), *Babasan jeung Paribasa Sunda* (Samsudi, 1986), *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* (Budi Rahayu Tamsyah, 1994), *Babasan jeung Paribasa: Kabeungharan Basa Sunda Jilid 1* (Ajip Rosidi, 2005), *Babasan jeung Paribasa: Kabeungharan Basa Sunda Jilid 2* (Ajip Rosidi, 2010), *1330 Babasan dan Peribasa Bahasa Sunda* (Munawar, Candra T., 2010), jeung *Ngamumulé Basa Sunda: 1200 Paribasa jeung Babasan Sunda* (Nugraha D., 2011). Tina dalapan buku nu aya patalina jeung paribasa nu ditataan di luhur, buku anu aya jeung sok digunakeun di sakola-sakola mah paling ngan hiji atawa dua buku, éta ogé jigana mah tara kagunakeun can nepi ka ngawilah-wilah dumasar tahapan (*jenjang*) sakola.

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, panalungtikan nu sacara husus ngulik jeung medar ngeunaan paribasa dumasar ulikan struktur, semantis, jeung psikolonguitik mah can kungsi aya. Ku kituna, panalungtikan nu dijudulan, “Paribasa Sunda (Ulikan Struktur, Semantis, jeung Psikolinguistik)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, ieu di handap dijelaskeun idéntifikasi jeung rumusan masalah panalungtikan.

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulikan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Aya tilu pasualan utama nu kaidéntifikasi tina kasang tukang di luhur. *Kahiji*, wangun paribasa miboga adegan unik (*unique*) anu katitén béda jeung adegan kalimah séjén dina basa Sunda. Adegan nu ngawangunna rélatif angger boh dina susunanana, surupanana, boh pokpokanana. Ku kituna, kahasan adegan paribasa perlu ditalungtik sangkan pamahaman ma'na nu dikandungna bisa kaguar leuwih jembar.

Kadua, paribasa dina kahirupan urang Sunda téh kacida pentingna, lian ti salaku bagian tina kabeungharan basa Sunda, ogé neundeun ma'na anu bisa dijadikeun piluangeun, pituah, jeung picontoeun masarakat nu mikawanohna. Ku kituna, ma'na tina paribasa Sunda téh kudu diguar kalawan gemet jeung jero.

Katilu, pikeun ngawanohkeun paribasa Sunda ka barudak salasahijina kudu diajarkeun di sakola (atikan formal). Tapi, nepi ka kiwari réa guru basa Sunda anu ngarasa bingung, paribasa nu mana nu bisa diajarkeun di unggal jenjang sakola téh, lantaran nepi ka kiwari can aya papasinganana. Ku kituna, kudu dipaluruh papasingan paribasa nu diajarkeun di unggal jenjang sakola.

Pasualan-pasualan nu kaidéntifikasi di luhur satuluyna dianalisis sangkan bisa dipaluruh cara ngungkulanana. Hasilna, pikeun ngungkulan pasualan adegan paribasa dilakukeun ulikan struktur, pikeun pasualan ma'na paribasa dilakukeun ulikan semantis, jeung pasualan papasingan paribasa dilakukeun ulikan psikolinguistik. Ulikan struktur dilakukeun pikeun maluruh unsur-unsur fungsional sintaksis (klausa jeung kalimah). Ulikan semantis dilakukeun pikeun maluruh ma'na dumasar babandingan (babandinngan alam, awak sakujur, barang, laku lampah jalma, sasatoan, jeung tutuwuhan) jeung ma'na dumasar maksud (ma'na piluangeun, paréntah, jeung pituah). Ari ulikan psikolinguistik dilakukeun pikeun maluruh papasiangan paribasa di unggal jenjang sakola (SD, SMP, SMA) nu disindekelkeun kana tahapan perkembangan pemeroléhan basa masa sakola anu dipatalikeun kana (a) struktur basa, (b) makéna basa, jeung (c) kasadaran métalinguistik (kamekaran kamampuh mikir).

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulikan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar idéntifikasi masalah, aya sababaraha hal anu kudu ditalungtik. Ku kituna, diajukeun sababaraha rumusan masalah dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap.

- a. Kumaha struktur paribasa Sunda disawang tina unsur fungsional sintaksis (tata kalimah)?
- b. Naon waé unsur semantis paribasa Sunda disawang tina jihat babandingan jeung maksudna?
- c. Kumaha papasingan paribasa Sunda di unggal jenjang sakola (SD, SMP, SMA) dumasar aspék psikolinguistik (kamekaran basa budak)?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sangkan ieu panalungtikan téh museur, ditangtukeun dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh adegan (struktur), ma'na (semantis), jeung papasingan paribasa Sunda anu pasing-pasing keur kaperluan barudak di unggal jenjang sakola.

1.3.2 Tujuan Husus

Sangkan leuwih spésipik, tujuan husus nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikaweruh jeung ngadéskripsikeun:

- a. struktur paribasa Sunda disawang tina unsur fungsional sintaksis (tata kalimah);
- b. unsur semantis paribasa Sunda disawang tina jihat babandingan jeung maksudna; jeung
- c. papasingan paribasa Sunda di unggal jenjang sakola (SD, SMP, SMA) dumasar aspék psikolinguistik (kamekaran basa budak).

1.4 Manfaat Panalungtikan

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulukan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Mangpaat ieu panalungtikan dijembarkeun kana dua bagian, nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan nya éta bakal ngaronjatkeun kabeungharan paélmuan widang linguistik patalina jeung ulikan paribasa Sunda dina wangun tésis. Ieu ulikan dipiharep bisa manggihan rumus (*formula*) anyar ngeunaan adegan, ma'na, jeung papasingan paribasa Sunda di sakola. Hasil ulikan ieu panalungtikan bisa dijieun titik pamiangan pikeun ulikan-ulikan satuluyna anu leuwih lega tur jero.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara umum, mangpaat praktis ieu panalungtikan téh bakal ngaronjatkeun pamahaman kana eusi paribasa Sunda anu pinuh ku ajén-inajén boh picontoeun boh pieunteungaun. Ku kituna, dipiharep bakal ngawewegan kana pangajaran nu ngandung kawijakan lokal (*local wisdom*). Ieu ulikan ogé bakal méré gambaran ngeunaan pemetaan paribasa Sunda anu diwilah-wilah dumasar kamekaran umur atawa jenjang sakola.

Lian ti éta, sacara praktis ieu panalungtikan téh bisa méré mangpaat hususna pikeun pamaréntah, guru, siswa, jeung panalungtik.

- a. Pikeun pamaréntah nu husus nyekel kawijakan ngeunaan kurikulum basa Sunda, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun salasahiji bahan tinimbangan pikeun ngajarkeunana paribasa Sunda dina kurikulum di sakola. Jembarna mah ditarékahan sangkan bisa ngabaju ngawangun karakter siswa di sakola.
- b. Pikeun guru, hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi dina ngajarkeun paribasa Sunda saluyu jeung tingkatanana séwang-séwangan. Lian ti éta, méré informasi jeung pangaweruh anyar ngeunaan ajén-inajén nu nyangkaruk dina paribasa Sunda anu saméméhna can kaguar leuwih jembar.

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulikan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- c. Pikeun siswa, ieu panalungtikan téh bisa mantuan siswa dina maham paribasa Sunda saluyu jeung tingkat (*jenjang*) sakola atawa kelasna séwang-séwangan.
- d. Pikeun panalungtik, hasil panalungtikan bisa méré gambaran ngeunaan adegan, ma'na, jeung papasingan paribasa di sakola dina enggoning maluruh éféktivitas pangajaran basa Sunda nu leuwih hadé ka hareupna.

1.5 Raraga Tulisan

Eusi ieu tésis téh kabéhanana ngawengku lima bab, anu eusina ngébréhkeun ngeunaan sistematika raraga tulisan dumasar kana maksud judul bab anu dipedarna.

Bab I Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis), jeung raraga tulisan.

Dina Bab II Ulikan Tiori, Raraga Mikir, jeung Anggapan Dasar, medar ngeunaan (1) ulikan tiori (paribasa Sunda, struktur dina paribasa Sunda, ma'na dina paribasa Sunda, jeung aspék psikolinguistik dina paribasa Sunda), (2) raraga mikir panalungtikan, jeung (3) anggapan dasar panalungtikan.

Pikeun mangtuan dina prosés panalungtikan, dina Bab III Méthode Panalungtikan dipedar ngeunaan (1) data jeung sumber data jeung sumber data panalungtikan, (2) desain panalungtikan, (3) méthode panalungtikan, (4) wangenan operasional, (5) instrumén panalungtikan, (6) téknik ngumpulkeun data, jeung (7) analisis data.

Bab IV Adegan, Ma'na, jeung Papasingan Paribasa Sunda, medar ngeunaan data paribasa Sunda, adegan paribasa Sunda, ma'na dina paribasa Sunda (dumasar babandingan jeung maksud), sarta papasingan paribasa Sunda di sakola (SD, SMP, jeung SMA).

Ari dina Bab V, dipedar perkara kacindekan panalungtikan sarta saran/rékoméndasi pikeun individu/lembaga anu aya patalina jeung panalungtikan eusi tina ieu panalungtikan.

Haris Santosa Nugraha, 2013

Paribasa Sunda (Ulikan Struktur, Semantis, Jeung Psikolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu